

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan anu judulna “Ajén Atikan Karakter dina Novél *Diarah Pati* Karya Margasulaksana pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulikan Struktural)” téh miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita jeung ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina ieu novél pikeun bahan pangajaran maca di SMA. Objék anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, sedengkeun sumber data anu dicangking sageblengna nyoko kana eusi carita novél *Diarah Pati*. Struktur carita anu dianalisis téh ngagunakeun tiori strukturalisme Renne Wellek & Austin Warren, anu ngawengku téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa. Sedengkeun ajén atikan karakter anu dianalisis nyaéta nurutkeun Kemendiknas nu ngawengku 18 ajén atikan karakter, nyaéta: 1) *religius*, 2) *jujur*, 3) *toléransi*, 4) *disiplin*, 5) *kerja keras*, 6) *kreatif*, 7) *mandiri*, 8) *demokratis*, 9) *rasa ingin tahu*, 10) *semangat kebangsaan*, 11) *cinta tanah air*, 12) *menghargai prestasi*, 13) *bersahabat/komunikatif*, 14) *cinta damai*, 15) *gemar membaca*, 16) *peduli lingkungan*, 17) *peduli sosial*, 18) *tanggung jawab*. Anapon métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis téks kalawan pamaerkan kualitatif jeung téhnik talaah pustaka. Sedengkeun instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta instrumén tabél struktur carita pikeun nyangking datana, ari dina analisis datana ngagunakeun kartu analisis.

Struktur carita dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, kapaluruh ayana téma, galur, tokoh jeung penokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa. Téma dina ieu novél nyaéta “misteri”, sabab eusi caritana nyaritakeun ngeunaan tokoh utama nu rék diarah patina ku jalma jahat. Galur anu digunakeun dina ieu novél nyaéta galur mérélé, lantaran runtusan kajadian dipedar sacara mérélé ti mimiti (awal), tengah, tepi ka ahir. Di sagigireun éta, pangarang gé maké galur mangnyaritakeun, lantaran katitén ayana sababaraha leunjeuran carita dina bagian ahir anu dicaritakeun deui ku tokoh katilu dina ieu novél. Tokoh nu ngalalakon dina novél *Diarah Pati* kapaluruh jumlahna aya leuwih ti 12 urang, ngan kasebutkeun

12 urang téh ku lantaran anu mindeng dicaritakeun ku pangarang. Dumasar kana peranna, tokoh téh dibagi jadi dua, nyaéta tokoh utama jeung tokoh panambah. Anapon anu kaasup kana tokoh utama nyaéta Sarudin, Juarta, jeung Nari atawa Iran. Sarudin salaku tokoh utama kahiji miboga peran mawa sarta ngajalankeun lumangsungna galur dina carita, Juarta salaku tokoh utama kadua miboga peran salaku nu ngarojong peran Sarudin sarta lumangsungna galur carita, sedengkeun Nari salaku tokoh utama katilu miboga peran nyambungkeun antar galur nepi ka ngaruntuy ti awal tepi ka ahir. Sedengkeun anu kaasup tokoh tambahan atawa panglengkép, di antarana Juragan Pangsiun, Agan Amir, Bibina Sarudin, Endén Ruhaéni, Juragan Bara atawa Kardi, Pamanna Kardi, Tukang Warung, Surasik, jeung Rasidin. Dumasar kana pungsi penampilan tokoh, dibagi jadi dua nyaéta tokoh protagonis jeung tokoh antagonis. Anapon nu kaasup tokoh protagonis di antarana Sarudin, Juarta, Nari atawa Iran, Juragan Pangsiun, Agan Amir, Bibina Sarudin, Endén Ruhaéni, Tukang warung, jeung Rasidin. Sedengkeun nu kaasup kana tokoh antagonis di antarana Juragan Bara atawa Kardi, Pamanna Kardi, jeung Surasik. Latar anu kapaluruh dina novél *Diarah Pati* téh dibagi jadi tilu bagian, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Latar tempat anu kapaluruh dina ieu novél aya tujuh tempat, di antarana imah, Pasirluhur, Karawang, Imah Juragan Pangsiun, imah Juragan Bara, Cilegok, jeung masigit. Latar tempat anu jadi puseur carita nu némbongkeun mimiti ayana konflik jeung lumangsungna carita téh nyaéta di imah Juragan Pangsiun jeung di Karawang. Latar waktu nu kapaluruh dina ieu novél aya 16 keterangan waktu. Sedengkeun latar sosial anu kapaluruh dina ieu nové téh aya opat, nyaéta kahirupan masarakat nu nyangking atikan, kahirupan masarakat kelas luhur atawa ménak, kahirupan masarakat kelas menengah ka handap atawa cacah, jeung kahirupan sosial-budaya di masarakat. Puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina novél *Diarah Pati* nyaéta jalma katilu, sabab pangarang nyaritakeun sakabéh tokoh tur apal kana sakabéh kajadian dina ieu novél. Gaya basa nu digunakeun ku pangarang dina novél *Diarah Pati* kapaluruh aya genep gaya basa, nyaéta rarahulan, babasan paribasa, ngumpamakeun, mijalma, ngasor, jeung kadalon.

Dina analisis ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, kapaluruh aya sagemblengna 18 ajén karakter, nyaéta: 1) *religius*,

2) *jujur*, 3) *toléransi*, 4) *disiplin*, 5) *kerja keras*, 6) *kreatif*, 7) *mandiri*, 8) *demokratis*, 9) *rasa ingin tahu*, 10) *semangat kebangsaan*, 11) *cinta tanah air*, 12) *menghargai prestasi*, 13) *bersahabat/komunikatif*, 14) *cinta damai*, 15) *gemar membaca*, 16) *peduli lingkungan*, 17) *peduli sosial*, 18) *tanggung jawab*.

Sabada ditalungtik sakabéh struktur carita jeung ajén atikan karakter nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, satulunya dilarapkeun kana *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA. Kritéria saluyu jeung henteuna bahan pangajaran pikeun bisa ngahontal tujuan pangajaran, di antarana: 1) dianggap mibanda ajén atikan pikeun kahirupan manusa, 2) dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna, 3) aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan, jeung 4) luyu jeung kabutuhan katut minat siswa.

Sabada dianalisis, bisa dicindekkeun yén novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana téh miboga struktur carita anu *kompleks*, nyaéta ngawengku téma, galur, tokoh jeung panokohan, latar, puseur implengan, jeung gaya basa. Tina ajén atikan karakter nu kapaluruh ogé kawilang lengkep, ti mimiti ajén karakter *religius* nepi ka ajén karakter *tanggung jawab*. Ieu hal tangtuna némbongkeun yén novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana téh cocog pikeun dilarapkeun jadi *alternatif* bahan pangajaran maca novél di SMA, lantaran eusina pinuh ku ajén-ajén nu hadé, salah sahijina, nyaéta ajén atikan karakter pikeun pieunteungeun dina kahirupan sapopoé.

5.2 Implikasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, aya implikasi anu dipiharep pikeun sababaraha pihak, di antarana: 1) pikeun panalungtik, bisa neleuman leuwih jero dina widang atikan jeung tiori anu digarap, ogé bisa nyangking data ngeunaan ajén atikan karakter dina hiji novél; 2) pikeun panalungtik satulunya, bisa dijadikeun bahan rujukan pustaka dina panalungtikan satulunya; 3) pikeun *akademisi*, bisa jadi tambahan *referensi* dina pangajaran sastra; 4) pikeun masarakat, bisa jadi ngajembaran pangaweruh ngeunaan ajén atikan karakter, hususna nu nyangkaruk dina novél *Diarah Pati* karya Margasulaksana, pikeun pieunteungeun dina kahirupan sapopoé.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, perlu ayana sawatara rékoméndasi pikeun pihak-pihak anu patali dina ieu panalungtikan, di antarana: 1) pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep bisa leuwih ngamangpaatkeun ieu panalungtikan nu geus aya pikeun leuwih ngajembaran panalungtikan satuluyna, 2) akademisi atawa guru, dipiharep bisa jadi pangrojong dina prosés pangajaran di sakola salaku bahan pangajaran, 3) masarakat jeung nu maca, dipiharep bisa nambahann pangaweruh sarta ngahudang minat kana maca jeung kana widang sastra, anu satuluyna jadi pieunteungeun pikeun kahirupan sapopoé hususna kana ajén atikan karakter.